YAYASAN PENDIDIKAN ISLAMIYAH
MADRASAH IBTIDAIYAH ISLAMIYAH KEDUNGJAMBU
Alamat : Desa Jambangan Kecamatan Paron Kabupaten Ngawi Kode Pos : 63253
Terakreditasi: A Email : mis.islamiyahkedungjambu0020@gmail.com
NPSN : 60717905 **NSM:111235210020**

PENILAIAN AKHIR TAHUN
TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Nama :	**Mapel : Bahasa Jawa**
Kelas : V (lima)	**Hari/Tanggal : Rabu/ 5 Juni 2024**

I. Wenehana tandha (X) ing aksara a, b, c, utawa d marang wangsulan kang bener !

1. Teks kang nggambarake sawijining babagan kanthi cetha lan rinci, mawa tujuan aweh gambaran tumrap sawijining babagan diarani teks ….
   a. deskripsi b. narasi c. argumentasi d. persuasi
2. Urutan struktur teks deskripsi yaiku ….
   a. titikan-pasulayan-katrangan
   b. titikan-tegese/maknane-pangudara prekara
   c. titikan-katrangan-tegese/maknane
   d. titikan-tegese/maknane-katrangan
3. Ing ngisor iki titikane teks deskripsi, *kejaba* ….
   a. teks awujud gegambaran ngenani objek/barang, papan/panggonan, utawa kahanan tartamtu
   b. teks disusun adhedhasar urutan wektu kedadeyan
   c. gegambaran ngenani objek/barang, papan/panggonan, utawa kahanan diandharake kanthi cetha
   d. gegandharake titikane objek kayata werna, ukuran, wujud, lan kahanan sawijining objek kanthi rinci
4. Ing ngisor iki perangan kang kudu digatekake nalika arep nyritakake maneh isine teks deskripsi, *kejaba* ….
   a. catheten bab-bab kang kokanggep wigati gegayutan karo struktur teks deskripsi
   b. urutna isi teks kasebut kanthi urutan kedadeyane
   c. wacanen kanthi premati teks deskripsi kasebut.
   d. andharna maneh teks deskripsi kang wis kokwaca nganggo basamu dhewe kanthi alur kang urut.
5. Perangane struktur teks deskripsi kang ngandharake ngenani gegambaran-gegambaran bagiyan saka objek kang digambarake sajroning teks diarani ….
   a. katrangan b. titikan c. klasifikasi d. makna
6. Yen wis mateng disenengi wong akeh. Kulite kandel mawa eri gedhe-gedhe. Yen mateng ambune sedhep. Daging wohe disekat-sekat dadi liningan gedhe. Isine jenenge pongge. Wacan ing dhuwur deskripsi ngenani ….
   a. pelem b. kates c. nangka d. duren

LIVEWORKSHEETS

7. Tetembungan kang wis gumathok kanggo nelakake rasa seneng ning ati babagan perangane awak lan solah bawa diarani ....
   a. pepindhan
   b. parikan
   c. tembung panyendhu
   d. tembung panyandra
8. Bocahe iku pancen merak ati, untune miji timun, bangkekane ….
   a. ceking
   b. lemu
   c. nawon kemit
   d. nawon endhas
9. Merga mripate … anggone maca lan nulis gampang kleru.
   a. kera
   b. blawur
   c. mendolo
   d. beleken
10. Mbak Ayunda lembehane mblarak sempal, mripate blalk-blalak, dehedege dhuwur, pundhake nraju emas, nanging drijine thiker.
    Tembung sing kalebu panyendhu yaiku ….
    a. lembehane mblarak sempal
    b. mripate blalak-blalak
    c. dedege dhuwur
    d. drijine thiker
11. Sing dicandra kaya macan luwe yaiku ….
    a. polahe
    b. lakune
    c. playune
    d. tandhange
12. Sing pesek iku ….
    a. irunge
    b. bathuke
    c. untune
    d. lambene
13. Ing ngisor iki tembung kang iso dadi tetengere pepindhan, *kejaba* ….
    a. kadya
    b. lir
    c. kadi
    d. dadi
14. Ing parikan, ukara kapindho diarani ….
    a. pambuka
    b. isi
    c. sampiran
    d. wasana
15. Numpak sepur, mudhune ing setasiun
    ….
    Isi parikan kasebut yaiku ….
    a. wajik klethik gula jawa
    b. tangi turu ngewangi ibu
    c. bocah kufur, suwargane mesthi kantun
    d. dadi bocah kudu rajin, mula bisa dadi juwara

Wacane kanthi setiti kanggo mangsuli pitakon nomer 16 nganti nomer 20!

Rama-Sinta

Prabu Ramawijaya lan garwane yaiku Dewi Sinta nilar praja saperlu mbebedag ana ing alas. Nalika Prabu Ramawijaya kepeksa ninggalake garwane amarga mburu kidang kencana, Dewi Sinta dikancani Raden Lesmana. Nalika Dewi Sinta krungu pisambate Prabu Ramawijaya, Dewi Sinta ngutus Raden Lesmana supaya nyusul Prabu Ramawijaya.

Nalika ijen ing alas, ketekan Prabu Rahwana, ratu buta ing Alengka. Ujug-ujug ndusta Dewi Sinta arep didadekake garwane. Senajan tindake Prabu Rahana kang ala iku wis dielingake dening sedulure nanging Prabu Rahwana tetep nekat nggawa Sinta ing Alengka. Dewi Sinta tetep setya marang Prabu Ramawijaya, ora gelem digarwa dening Prabu Rahwana.

LIVEWORKSHEETS

16. Crita ing dhuwur dikutip saka buku … karangane empu Walmiki.

a. Baratayudha b. Ramayana c. Sotasoma d. Bumi Majapahit

17. Paraga antagonis crita ing dhuwur yaiku ….

a. Prabu Ramawijaya b. Dewi Sinta c. Prabu Rahwana d. Raden Lesmana

18. Jinise alur crita ing dhuwur yaiku ….

a. maju b. mundur c. campuran d. mbalik

19. Prabu Rahwana iku raja ing ….

a. Pringgondani b. Alengka c. Ngastina d. Dwarawati

20. Latar panggonan alinea siji yaiku ….

a. Alengka b. kebon kewan c. padesan d. alas

21. Sajroning KBBI tembung wayang mujudake ….

a. Golekan tirone pawongan digawe saka pahatan kulit utawa kayu

b. Pawongan kang nglakokake crita Ramayana nganggo topeng

c. Ayang-ayang saka sifat-sifat kang ana ing sajrone jiwa manungsa

d. Pawongan kang nglakokae lan nyritakake wayang

22. Ing ngisor iki kang dudu jinise wayang yaiku ….

a. golek b. purwa c. krucil d. Ramayana

23. Wayang kang paragane diperanake dening pawongan diarani wayang ….

a. golek b. wong c. purwa d. topeng

24. Unsur intrinsik crita kang ana gandhengane karo papan, wektu, lingkungan sosial, lan swasana yaiku ….

a. tema b. paraga c. latar d. alur

25. Cacahe aksara jawa iku ana ….

a. 15 b. 20 c. 25 d. 30

26. Pasangan aksara jawa sing padha karo aksara asline yaiku aksara ….

a. ra – ya – ga – nga c. na – la – ra – ta

b. ma – ya – ta – ga d. ga – ya – ma – ta

27. Panulise pasangan aksara jawa sing ora mapan jejer aksara mati yaiku ….

a. na – la – nga – ta c. ha – ta – sa – pa

b. ka – da – ca – ra d. pa – ha – sa

28. Kabeh pasangan aksara jawa manggon ana ngisore aksara kang mati, *kejaba* ....

a. ha – ta – la c. ba – ma – la

b. ta – da – sa d. ha – sa – pa

29. Aksara jawa kang wujud pasangane wutuh kaya aksara legenane ana ….

a. 2 b. 3 c. 4 d. 5

30. Wujude pasangan aksara *sa* yaiku ….

a. b. c. d.

LIVEWORKSHEETS

31. minangka wujude pasangan aksara ….

a. [illegible] b. [illegible] c. [illegible] d. [illegible]

32. Aksara ing ngisor iki kang pasangane manggon ing dhuwur/jejer aksara kang mati yaiku ….

a. [illegible] b. [illegible] c. [illegible] d. [illegible]

33. [illegible], latine ….

a. Mimin masak sayur
b. Minten masak bayem
c. Mirna nyuntak banyu
d. Marman nyandak sayur

34. Tembung *jam tangan* yen ditulis nganggo aksara jawa yaiku ….

a. [illegible]
b. [illegible]
c. [illegible]
d. [illegible]

35. [illegible] …

kanggo nggenepi ukara ing dhuwur yaiku ….

a. [illegible] b. [illegible] c. [illegible] d. [illegible]

LIVEWORKSHEETS